

Yo pral kòmanse ak egzijans pou travay pou moun k ap resevwa Medicaid yo talè konsa.

Asire w ou pare.



Gen yon nouvo lwa federal ki pral chanje règleman Medicaid yo pou kèk granmoun nan Rhode Island apati ane 2027.

Ou ka bezwen deklare

travay

lekòl

oswa travay benevòl

pou w resevwa oswa kenbe yon kouvèti.

Ki moun ki pral afekte?

Yo ka aplike egzijans pou travay pou moun k ap resevwa Medicaid yo nan ka pa w si w gen laj soti 19 pou rive 64 lane epi ou kalifye pou resevwa Medicaid sou baz kantite kòb wap touche.

Se pa tout moun chanjman sa yo pral afekte. Gen moun ki pral kalifye pou resevwa yon dispans. Tanpri vizite StayCovered.RI.gov/Work pou w wè si w se youn nan moun sa yo.

Si w pa satisfè egzijans travay yo epi ou pa kalifye pou resevwa yon dispans, yo ka kanpe kouvèti Medicaid ou genyen an.

Kisa m bezwen fè pou m ka pare pou chanjman sa yo?

Vizite StayCovered.RI.gov/Work pou w:

- Konnen si egzijans travay yo aplike nan ka pa w
- Mete enfòmasyon w yo ajou nan kont HealthyRhode la pou w ka resevwa dènye mizajou yo
- Aprann kijan pou w satisfè egzijans sa yo si sa aplikab nan ka pa w

Jwenn infòmasyon ou gen bezwen.

StayCovered.RI.gov/Work



BE READY.
STAY COVERED.

